



Mass General Brigham

Prepare w pou Pwosedir Kolonoskopi w la

**Preparasyon Pwolonje avèk MiraLAX
GoLYTELY pandan De Jou**

Tanpri, li ak anpil atansyon tout enstriksyon ki nan dosye sa omwen 1 semèn avan kolonoskopi w la yon fason pou w byen prepare w pou egzamen an epi pou w evite yo repwograme randevou ou a. Rele nimewo telefòn ki anba a si w gen nenpòt kesyon.

Non doktè a:

Non pasyan an:

Dat ak lè pwosedir a:

Si yo repwograme pwosedir a, dat ak lè sa a p ap egzak ankò.

Kote pwosedir a ap fèt:

Nimewo telefòn:

Gen plis pase yon sèl kote pou pwosedir kolonoskopi MGB yo. Si kote ki endike anlè a chanje yo ap enfòmè w sou sa.

Mèsi paske ou chwazi Mass General Brigham

Enfòmasyon enpòtan – ki dwe li an premye

- **Transpò:**
 - Yon granmoun responsab (ki gen 18 lane oswa plis) **dwe mennen w lakay ou** aprè pwosedi a.
 - Si w pa gen yon mwayen transpò, yo riske anile randevou w la.
 - **Ou pa ka ale lakay ou poukont ou** nan bis, taksi, Uber, Lyft, oswa nan lòt sèvis transpò.
- **Konbyen tan w ap ret fè la:**
 - Entèkansyon an pou kont li ap pran anviwon **20-30 minit**.
 - W ap rete nan etablisman an pandan anviwon **3 èdtan**.
 - N ap eseye respekte lè ki pwograme a, men ka gen reta.
 - Veyikil ou a ta dwe disponib pou vin chèche w nan 30 minit aprè yo fin rele yo.
- **Konsènan preparasyon an:**
 - Si ou **pa** al twalèt chak jou, rele nimewo telefòn ki endike sou paj la nan **omwen yon semèn avan pwosedi ou a**. Yo ka bezwen chanje preparasyon w lan. Nimewo telefòn lan sou paj 1 an.
- **Asirans:**
 - Si w gen kesyon konsènan kouvèti w la, kontakte konpayi asirans ou an.
- **Anilasyon:**
 - Si w dwe anile oswa modifye randevou w la, tanpri kontakte kabinè a pi bonè sa posib nan nimewo ki endike nan paj 1 an.

Enstriksyon konsènan Medikaman yo

Pale ak doktè swen primè w la oswa doktè k ap preskri w medikaman an avan pwosedi a. Yo ka bezwen chanje kèk medikaman.

Antikowagilan

- **Rele doktè ki pral fè pwosedi w la si w pa resevwa okenn enstriksyon.** Nimewo telefòn lan sou paj 1 an. Prepare w pou pataje:
 - Non ak nimewo telefòn doktè ki te preskri w antikowagilan ou an
 - Non medikaman an
 - Poukisa w ap pran l
 - Egzanp: Coumadin, Brilinta, Effient, Eliquis, Plavix, Xarelto oswa lòt medikaman ki sanble ak sa yo
- Ou ka kontinye pran **aspirin** anvan entèkansyon ou an.

Medikaman pou dyabèt:

- **Ensilin:** Mande doktè ki te ba w preskripsyon an enstriksyon.
- Inibitè **SGLT-2:**
 - **Sispann pran 3 jou avan** Farxiga (dapagliflozin), Invokana (canagliflozin), Jardiance (empagliflozin)

- **Sispann 4 jou avan:** Steglarto (ertugliflozin) oswa konprime konbine ki gen Steglarto
- **Metformin:** Pa pran l nan maten pwosedri a ap fèt la.
- **Lòt medikaman kont dyabèt:** Pran ½ dòz lavèy pwosedri ou a epi pa pran l nan maten pwosedri w la ap fèt la.

Medikaman ki fèt ak GLP-1 (Pèdi pwa oswa Dyabèt)

- **Kontinye pran l jan enstriksyon yo mande sa.**
- Egzanp: Mounjaro (tirzepatide), Ozempic (semaglutide), Trulicity (dulaglutide), Victoza (liraglutide), Wegovy (semaglutide), Zepbound (tirzepatide)
- Ou dwe swiv yon rejim ki a baz likid ki klè pandan 24 èdtan avan pwosedri w la. Si w pa swiv konsiy sa yo, yo ka anile pwosedri w la.

Lòt Medikaman

- Sispann pran **Phentermine** (Adipex, Suprenza) 4 jou avan pwosedri w la.
- Sispann bwè **konprime fè** 5 jou avan pwosedri w la.

Lis acha pou preparasyon entestinal la:

Kisa pou w achte (san preskripsyon)	
Poud laksatif MiraLAX (4.1 oz/ 119 g) MiraLAX Jenerik (polyethylene glycol) AKSEPTAB	 
Konprime Dulcolax (5 mg) Bisacodyl jenerik AKSEPTAB PA achte laksatif emolyan	 
Konprime Gas-X Simethicone jenerik AKSEPTAB Nenpòt dozaj AKSEPTAB	 

Gatorade oswa bwason elektwolitik (32 oz) Pa pran ni koulè wouj, ni koulè mov	
GoLYtley oswa NuLYtely preparasyon entestinal (avèk preskripsyon)	
Tanpri, pase pran preskripsyon GoLYTELY ou a (oswa Nulytely) nan famasi ki deziyen pou ou a	

Enstriksyon pou preparasyon entestinal yo:

3 JOU AVAN pwosedi w la

- **Swiv yon rejim ki pa gen anpil fib**
- **Aliman ki gen anpil fib ou dwe EVITE:** Pwa, mayi, nwa, flokon avwàn, petipwa, pòpkòn, kinowa, fwi kri, legim kri, salad, grenn konplè, sereyal oswa pen konplè
- **Aliman ou ka manje:** Pen ak grenn ki fèt ak farin blanch ki rafine (ti pen, mèfin, bagèl, espageti), bè ki fèt ak nwa ki gen krèm ladan l, pwodui letye, ze, pwason, sereyal ki pa gen anpil fib (diri soufflé, krèm ble, kònfleks), vyann manje midi, volay, tofou, fwi ak legim ki byen kwit, diri blan.
- **Si w konsome marigwana,** tanpri evite konsome l pandan 72 èdtan avan pwosedi ou a.
- **Nou rekòmande w pa konsome alkòl, ni medikaman san preskripsyon avan pwosedi w la.** Si w vini epi ou anba enfliyan alkòl oswa medikan san preskripsyon, yo ka ranvwaye pwosedi w la.

2 JOU AVAN entèkansyon w lan

- **Prepare preparasyon entestinal ou a**
Vide 32 oz Gatorade ak tout boutèy 4.1-oz MiraLAX la nan yon karaf oswa nan yon lòt resipyan ki pi gwo. Bwase l jiskaske MiraLAX la fonn nèt. Mete l nan frijidè pou jis lè ou prè pou w bwè l.



- **A 1 PM bwè 2 konprime Dulcolax (yo chak genyen 5 mg) avèk omwen 8 oz. dlo.**
- **A 6 PM, kòmanse bwè preparasyon entestinal ou a.**
 - Bwè 32 oz nan preparasyon an (sa ki se kat vè 8-oz).
 - Objektif la se bwè 1 vè chak 15 minit epi fini nan 1 èdtan.
 - Si sa difisil, ou ka ralanti, men ou dwe bwè 32 oz nan 2 èdtan.

1 JOU AVAN pwosedi w la

- **PA manje anyen** lavèy pwosedi w la. Bwè **LIKID KLÈ SÈLMAN**. Likid klè yo se sibstans transparan epi ki gen fòm likid nan tanperati anbyan. Evite tout likid ki gen koulè wouj oswa mov. W ap bwè likid klè yo ansanm ak preparasyon ou a pou w rete idrate.

Rejim likid klè a gen ladan: Ji pòm oswa ji rezen blan, bwason elektwolitik tankou Gatorade oswa Powerade (pa pran ni koulè wouj, ni koulè mov), bouyon ki klè san grès, Jell-o, soda, te oswa kafe (san lèt).

- **Prepare preparasyon entestinal ou a**
 - Ranpli resipyan 4 liter GoLYTELY a ak dlo, jan yo bay enstriksyon an sou boutèy la.
 - Konsève l nan frijidè.
- **A 6 PM, kòmanse bwè preparasyon entestinal GoLYTELY ou a.**
 - Bwè **mwatye nan preparasyon GoLYTELY a (2 liters).**
 - Objektif la se bwè **1 vè chak 15 minit** epi fini l nan 2-3 èdtan.
 - Si sa difisil, ou ka ralanti men kontinye jiskaske tout 2 liters la fini.
 - Preparasyon an ap pwovoke dyare.
 - **Konsève mwatye rès la (2 liters) nan frijidè a pou pita.**
- **Kòmanse bwè dezyèm mwatye preparasyon pou entesten ou a 6 èdtan anvan lè pou rive a.**
 - Pran **2 konprime Simethicone kont gaz** (Gas-X oswa yon mak jenerik).
 - Eseye **bwè 1 vè chak 15 minit.**

- Pifò moun fini bwè rès preparasyon an nan 2 èdtan, men ou ka pran jiska 4 èdtan si sa nesesè.
- **Enpòtan: ou dwe fin bwè preparasyon an (2 lit ki rete yo) omwen 2 èdtan anvan lè pou rive a.**
- Ou ka fini pi bonè pase tan ki nan lis anba a, men **pa bwè preparasyon yo apre "lè pou fin bwè a" pase.**
- Konsilte tablo a anba a pou konnen kilè pou w kòmanse ak fini preparasyon w lan.

<u>Lè pou rive a:</u>	<u>Kòmanse bwè dezyèm mwatye preparasyon an:</u>	<u>Fin bwè preparasyon an pa pi ta pase:</u>
6AM	12AM	4AM
7AM	1AM	5AM
8AM	2AM	6AM
9AM	3AM	7AM
10AM	4AM	8AM
11AM	5AM	9AM
12PM	6AM	10AM
1PM	7AM	11AM
2PM	8AM	12PM
3PM	9AM	1PM

- **2 èdtan avan lè yo prevwa w ap rive a, tanpri sispann bwè likid yo.** Pa manje chiklèt, pa manje bonbon epi pa pran sirèt kont tous. Ou ka pran medikaman abityèl ou yo (sof si yon doktè/moun ki preskri medikaman bay yon lòt enstriksyon) ak yon ti gòje dlo.

Konsèy pou w pran preparasyon w lan:

- Si ou kòmanse santi vant fè mal, tann 30 minit epi rekòmanse bwè yon ti kantite nan preparasyon entestinal la.
- Mete preparasyon an nan frijidè epi bwè l ak yon chalimo.
- Si ou pa renmen gou laksatif la, eseye moulen chiklèt oswa souse sirèt ki di aprè chak gòje.
- Twalèt ou yo dwe yon likid ki klè, jòn ki gen patikil ki nwa ladan yo.
- Itilize waps tibebe yo oswa krèm pou emoyid yo si w gen doulè lè w ap twalèt.

Jou entèkansyon ou an

Sa pou pote nan pwosedi w la:

- Non ak nimewo telefòn moun ki pral mennen w lakay ou a.
- Pyès idantite ki gen yon foto.
- PA mache ak bijou.

Enstriksyon apre kolonoskopi:

- Repoze w pou rès jounen an.

- Pa bwè alkòl, ni kondi, ni itilize okenn machin/ ekipman, ni pran desizyon ki enpòtan.
- Ou ka rekòmanse manje epi pran medikaman w yo depi kounya, sof si doktè w la di w yon lòt bagay.
- Si ou gen yon kont Patient Gateway, w ap ka konsilte rezime pwosedi ou a ak rezilta ou yo tousuit apre yo fin finalize yo. Founisè w la ap prepare yon lèt pou eksplike rezilta yo nan lespas 2-3 semèn apre pwosedi a. Si ou pa gen Patient Gateway, y ap voye yon lèt lakay ou nan lapòs.

Kisa yon kolonoskopi ye?

Yon kolonoskopi se yon egzamen ki pèmèt doktè a obsève anndan kolon w yon fason pou detekte nenpòt pwoblèm. Yo itilize l pou depiste kansè nan kolon, detekte epi retire ti timè yo rele polip pou anpeche kansè, epi detèmine poukisa ou ka gen sentom tankou san nan twalèt oswa dyare.

Poukisa li enpòtan pou w byen swiv enstriksyon preparasyon pou kolonoskopi a?

Manje yo ak bwason yo ka rete nan kò w pou yon ti tan. Si kolon w gen rezidi alimantè toujou lè y ap fè kolonoskopi a, sa ka anpeche doktè a byen wè anndan kolon w. Si doktè a pa ka wè yon fason ki klè anndan l, li riske pa detekte kèk pwoblèm tankou polip yo oswa timè yo.

Se lè kolon w vid nèt doktè a ap gen pi bon imaj yo. Doktè a ka wè nan menm moman an si kolon an pwòp. Si li pa pwòp, doktè a p ap ka fini egzamen an. W ap gen pou w repwogame kolonoskopi a epi refè preparasyon an ankò.

Tout moun ka pa genyen menm kalite preparasyon pou netwaye kolon yo. Pasyan ki gen konstipasyon yo oswa ki te fè yon kolonoskopi ki pa t byen prepare anvan ka bezwen preparasyon ki pi long oswa ki pi entansif.